

# 21

oktòb

**Bondye mete pou lèzòm mouri yon sèl fwa, epi, apre sa, se jijman.** Ebre 9. 27

**Jezi di li : Mwen se rezireksyon an. Mwen se lavi a. Yon moun ki kwè nan mwen, menm si li ta mouri, li va viv.** Jan 11. 25

## **Eske levanjil la se pou mò yo li ye ?**

Gen kèk moun k ap tann pou yo pran swen nanm yo apre yo fin mouri. Men gen kèk lòt ki pa menm enkyete yo pou sa pandan y ap viv, yo konsyan ke talè konsa yo pral mouri, yo bay lòd sou kijan lantèman yo ak sou sere-moni relijye a dwe fèt. Pandan seremoni sa, li ta bèl pou yo ta pale de gwo sijè abityèl, tankou : Bondye, letènite, padon peche yo, lagras, lavi etènèl. Malerezman, defen an pa ka menm pwofitede mesaj yo preche a.

Pou moun ki vin akonpanye li yo jis rive nan tonbo a, poukisa yo ta dwe rezone yon fason ki diferan de fason pa zanmi yo a ki disparèt la ? Yo ka ap di, “nou vivan nou menm. Bagay aprè lanmò sa poko enterese nou ! Levanjil, se bagay pou moun mouri ; nou menm, na enkyete nou lè tou pa nou rive – pita nèt – pou nou travèse lòtbò”.

Men, piga pèsonn twonpe tèt yo, paske lè sa a li va twò ta. Pi bèl elòj lantèman yo ka di devan yon sèkèy pa ka chanje anyen pou defen an. Pafwa nou li nan kèk mo yo mete pou fè nou konnen lanmò a : “priye pou li” oswa “priye pou nanm li”. Sa se yon ilizyon, paske si moun y ap antere a pa t aksepte lavi etènèl la ak lagras Bondye a pandan li t ap viv, li pap janm jwenn okazyon pou li fè ankò apre lanmò.

Levanjil pa pou mò yo, se pou moun ki vivan, donk se pou nou. Wi, koute li ; se ak nou menm ke Bondye ap pale. “Gade, jou l ap sove moun nan se kounye a” (2 Koryen 6. 2).

# 21

octobre

**Il est réservé aux hommes de mourir une fois – et après cela le jugement.** Hébreux 9. 27

**Jésus lui déclara : Moi, je suis la résurrection et la vie : celui qui croit en moi, même s'il meurt, vivra.**

Jean 11. 25

## **L'évangile est-il pour les morts ?**

Certaines personnes s'attendent à ce qu'on s'occupe de leur âme après la mort. Quelques-unes mêmes, qui ne s'en sont guère occupées pendant leur vie, conscientes d'une fin prochaine, laissent des instructions au sujet de leur enterrement et même de la cérémonie religieuse. Au cours de celle-ci, il sera tout à fait convenable qu'on évoque les grands sujets habituels : Dieu, l'éternité, le pardon des péchés, la grâce, la vie éternelle. Malheureusement, le défunt ne pourra plus profiter de cette prédication.

Quant à ceux qui seront venus l'accompagner jusqu'à la tombe, pourquoi raisonneraient-ils autrement que ne le faisait jadis leur ami disparu ? "Nous sommes vivants, se diront-ils. L'au-delà ne nous concerne pas encore ! L'évangile, c'est l'affaire des morts ; nous nous en inquiéterons quand ce sera notre tour – le plus tard possible – de passer de l'autre côté".

Mais que personne ne s'y trompe, il sera alors trop tard. Le plus bel éloge funèbre prononcé devant un cercueil ne changera rien désormais au sort du défunt. On lit souvent sur les faire-part de décès : "Priez pour lui" ou "Priez pour son âme". C'est une illusion, car si celui qu'on enterre n'a pas accepté le salut et la grâce de Dieu pendant le temps de sa vie, il ne lui sera plus donné l'occasion de le faire dans l'au-delà.

L'évangile n'est pas pour les morts, il est pour les vivants, donc pour vous. Oui, écoutez-le ; c'est bien à vous que Dieu parle. "Voici, c'est maintenant le jour du salut" (2 Corinthiens 6. 2).